

Gid Enfòmasyon sou Fole Sèvikal


Pandan tranche, kòl matris la vin fin (tankou yon fèy papye) epi li louvri 10 santimèt. **Matirite sèvikal** se lè kòl matris la pare pou tranche. Kòl matris la vin pi fen, mou, epi li kòmanse louvri. Pati sa a nan tranche ak deklanchman pi long epi li ka pran plizyè jou. Si sa nesesè, matirite sèvikal ka fè ak medikaman oswa avèk yon balon andedan matris la ki rele yon fole sèvikal. **Fole sèvikal** la travay byen menm jan ak medikaman.

Kisa yon fole sèvikal ye?

Yon fole sèvikal se yon tib ki gen yon balon nan bout la.



Yo plase balon an nan ouvèti matris la atravè kòl matris. Apresa, yo ranpli balon an ak dlo. Balon an mete presyon sou kòl matris epi fè kò a kreye pwodwi chimik (pwotaglandin) li fè nòmalman pandan tranche. Lòt bout tib la soti nan pati i a epi li kole nan janm fi a. Fole sèvikal la rete nan plas li jiskaske li tonbe oswa yo retire li apre 12 èdtan. Kòl matris la ka ouvè a 3 a 4 santimèt si fole a pa tonbe.



Si ou ta renmen mete kòl matris la pare pou tranche lakay ou ak yon fole sèvikal, di pwofesyonèl swen sante prenatal ou sa. Ou pa bezwen entènè lopital pou mete yon fole sèvikal. Avan ou mete fole a, pwofesyonèl swen sante ou ap asire li pa yon danje pou w mete yon fole lakay ou.

Après, yo pral tcheke pou wè kijan kòl matris ou dilate (louvri). Sa pral detèmine si yo ka mete fole sèvikal la. Pwofesyonèl swen sante ou pral pwograme yon jou pou deklennche tranche nan lopital ou. Si ou ka mete yon fole sèvikal lakay ou, ou pral bezwen pran yon randevou pou mete fole a 8PM epi apres a w ap retounen lopital la a 8PM, oswa avan sa, si balon an tonbe.

Ki avantaj ki genyen si ou ale lakay ou ak yon fole sèvikal?

Fanm ki ale lakay ou ak yon fole pase mwens tan nan lopital la avan tibebe yo fèt.

Èske yon fole sèvikal san danje?

Wi. Nan etid ki konpare fanm ki rete lopital la ki gen yon fole sèvikal ak fanm ki te ale lakay yo lakay li, pa te gen okenn diferans nan kantite fanm ki te gen konplikasyon.

Kisa mwen ta dwe fè nan jou randevou yo pral mete yon fole?

1. Rele tranche ak akouchman nan 617.414.4364 nan 6AM pou konfime randevou ou.
2. Ranje sak lopital ou epi pran yon bon repa. Ou ka rete nan lopital la si tibebe w la montre nenpòt siy estrès, si likid bò tibebe w la twò ba, oswa si yo pa ka mete fole a.
3. Rive nan BMC a 7:30 AM epi ale nan Sant Fanm ak Tibebe sou 4yèm etaj nan Yawkey Building la, 850 Harrison Ave.

Kijan mwen pral santi mwen pandan m ap mete fole sèvikal la?

Nan jou randevou ou, ekip la pral tcheke batman kè tibebe w la epi tcheke si ou pa gen twòp kontraksyon anvan ak apre ou fin mete fole la. Ou ka santi kèk malèz ak kranp pandan y ap mete fole a epi pou kèk minit apre. Ou ka remake larim k ap soti nan pati fi ou ki ka gen yon koulè, mawon, oswa wouj. Gen kèk fanm ki gen kontraksyon oswa santi gen presyon nan pati fi a pandan fole sèvikal la an plas. Tout bagay sa yo nòmal.

Kilè mwen ta dwe retounen lopital la?

Retounen nan lopital la a 8pm pou deklennchman tranche a oswa si ou remake nenpòt nan bagay sa yo.

- Foley la tonbe soti
- Ou panse ou kase lezo (yon likid dlo-dlo k ap soti nan pati fi ou)
- Kontraksyon regilye ki fè mal oswa kontraksyon chak 5 minit pou 2 zèdtan.
- Senyen nan pati fi a tankou règ ou
- Tibebe w la deplase mwens pase nòmal
- Ou gen yon lafyè (tanperati ki pi wo pase 100.4)